

**MOUNT SINAI ENTERPRISE INFORMATION EXCHANGE  
CONSENT FORM  
ECHANJ ENFÒMASYON MOUNT SINAI ENTERPRISE  
FÒM KONSANTMAN**

**Fèy Kouvèti ak Enstriksyon**

Tanpri suiv etap sa yo pou w ka soumèt fòm sa a bay Mount Sinai Health System:

- 1) Byen li fòm ki nan pwochen paj la ak de (2) fèy papye ki vini ak feyè enfòmasyon an
- 2) Ranpli enfòmasyon pasyan ki nesèsè yo:

<p style="text-align: center;"><b>ENFÒMASYON KI OBLIGATWA POU KONFIME IDANTITE OU</b></p> <p>Nimewo kay ak ri _____</p> <p>Vil: _____ Eta: _____ Kòd Postal: _____</p> <p>Nimewo telefòn: _____</p> <p>Nimewo Dosye Medikal Mount Sinai (Si ou vle bay li) _____</p>
--

- 3) Endike chwa konsantman ou sou fòm ki nan pwochen paj la. Pou fè sa, ou dwe **ranpli nè sèlman youn (1) nan kat (4) fòm won oval yo** ak yon plim ki gen koulè fonce.
- 4) Pou ranpli rès fòm nan, ekri non konplè ou, dat nesans, dat jodi a ak siyati ou nan espas ki apwopriye yo.
- 5) Soumèt desizyon w epi chwazi youn (1) nan opsyon yo ki anba a:

**FAS-A-FAS:** Remèt paj sa a ak sa ki vini apre yo, tou ranpli ak tou siyen, bay nenpòt biwo enskripsyon pasyan Mount Sinai Health System. Ou pa bezwen remèt feyè enfòmasyon de (2) paj la.

**OSWA**

**NAN KOURYE LAPÒS:** Voye paj sa a pa lapòs ak sa yo, ranpli ak siyen, nan adrès sa a:

<p style="text-align: center;"><b>ADRÈS POSTAL POU VOYE FÈY KOUVÈTI SA A AK FÒM KI SIYEN:</b></p> <p style="text-align: center;">Mount Sinai West Health Information Management Department 1000 Tenth Avenue New York, NY 10019</p>
---

**TANPRI SONJE:**

Chwa ou fè sou fòm sa a pral ranplase nenpòt desizyon ki anrejistre deja. Si ou ta vle anile yon desizyon ki te deja soumèt konsènan pwogram Echanj Enfòmasyon Enterprise la, tanpri chwazi 4<sup>yem</sup> chwa konsantman an sou paj sa a, "Mwen pa vle pran yon desizyon kounye a", epi suiv enstriksyon pou ranpli ak soumèt fòm sa a.

Si ou chwazi voye fòm sa a nan kourye lapòs, tanpri sonje desizyon ou nan konsantman an ap anplas nan Mount Sinai Health System la sèlman lè nou resevwa fòm nan epi nou fin travay sou li.

Nan fòm konsantman sa a, ou kapab chwazi si pou kite Sistèm Sante Mount Sinai la (MSHS) pataje dosye medikal ou yo avèk pw ofesyonèl sw en sante ki pa nan sistèm sante Mount Sinai la epi pou kite MSHS jw enn aksè nan enfòmasyon sou sw en pw ofesyonèl sw en sante ou ki pa nan sistèm sante Mount Sinai yo ba ou atravè kat (4) platfòm teknoloji enfòmasyon sou sante: Mount Sinai Health Information Exchange ("Mount Sinai HIE"), Epic Care Everywhere, Carequality ak Healthix. Platfòm sa yo kapab ede nou kolekte dosye medikal ou genyen diferan kote ou te resevwa sèvis sw en sante epi rann yo disponib sou fòm elektwonik epi an tout sekirite pou pw ofesyonèl sw en sante k ap ba w sw en, konsa yo amelyore kalite sèvis sw en sante ou yo. Pou jw enn plis enfòmasyon sou kalite pataj sa a nan Eta New York, mande pw ofesyonèl sw en sante tiliv "Pi Bon Enfòmasyon Vle Di Pi Bon Sw en (Better Information Means Better Care)" lan oswa jw enn li anba ribrik *Resous* yo sou [ehealth4ny.org](http://ehealth4ny.org) sitw èb la. Sou demann, pw ofesyonèl sw en sante w la pral enprime lis pw ofesyonèl sw en sante k ap patisipe/sous enfòmasyon yo pou ou sou sitw èb yo mansyone pi ba yo.

**(1) Mount Sinai HIE:** Bay oswa refize bay konsantman ou pou kite patisipan yo (anplw aye, ajan oswa manm ki nan pèsonèl medikal yo a) ki sou sitw èb Mount Sinai HIE yo [mountsinainconnect.org](http://mountsinainconnect.org) ("Patisipan HIE" yo) jw enn aksè nan enfòmasyon sante elektwonik ou yo ki konsève nan Mount Sinai HIE, tankou dosye ki soti nan men lòt pw ofesyonèl sw en sante ou yo ki gen otorizasyon pou devw ale enfòmasyon yo atravè Mount Sinai HIE.

**(2) Epic Care Everywhere ak (3) Carequality:** Bay oswa refize bay konsantman ou pou kite pw ofesyonèl sw en sante yo, anplw aye, ajan oswa manm ki nan pèsonèl medikal yo a ki sou sitw èb Epic la sou [epic.com/careeverywhere](http://epic.com/careeverywhere) ak sitw èb Carequality a sou [carequality.org/active-sites-search](http://carequality.org/active-sites-search) jw enn aksè nan enfòmasyon sante ou yo ki konsève nan sistèm dosye medikal elektwonik MSHS yo. **Kèlkeswa chwa ou fè sou fòm sa a, yon pw ofesyonèl sw en sante ki nan yon lòt òganizasyon k ap patisipe ka toujou mande ou otorizasyon w nan pw en sèvis la pou li aksede ak enfòmasyon ki nan dosye medikal elektwonik Mount Sinai ou an.**

**(4) Healthix:** Healthix se yon òganis Echanj Enfòmasyon Sante oswa yon Antite Kalifye (QE ann Anglè), ki se yon òganizasyon Depatman Sante Eta New York sètifye ak reglemante pou kolekte ak regwoupe enfòmasyon sou sèvis medikal ou te resevwa yo. Bay oswa refize bay konsantman ou pou kite MSHS (anplw aye nou yo, ajan oswa manm ki nan pèsonèl medikal nou an) gade ak jw enn aksè nan dosye medikal elektwonik ou yo ki soti nan men lòt pw ofesyonèl sw en sante ou yo ki gen otorizasyon pou devw ale enfòmasyon yo atravè Healthix. Ou kapab jw enn yon lis aktyèl pw ofesyonèl sw en sante ki otorize sou sitw èb Healthix la ki se [healthix.org](http://healthix.org) oswa lè w rele Healthix nan 877-695-4749. Ou kapab refize bay TOUT òganizasyon pw ofesyonèl sw en sante ak plan sante k ap patisipe nan Healthix konsantman ou pou yo jw enn aksè nan enfòmasyon sante elektwonik atravè Healthix sou menm sitw èb la oswa nimewo telefòn lan.

**CHWA OU FÈ POU BAY OSWA POU REFIZE BAY KONSANTMAN W KA PA YON REZON POU YO REFIZE BA W SÈVIS SANTE OSWA PWOTEKSYON ASIRANS SANTE TANPRI, PRAN SAN OU POU LI ENFÒMASYON KI NAN FÈY DONE KI VINI AK DOKIMAN SA A ANVAN OU DESIDE LI FÈ PATI FÒM KONSANTMAN SA A.**

Chw a konsantman ou fè sou fòm sa a pral aplike ansanm pou tout kat (4) platfòm yo. Ou ka chanje desizyon w lan nenpòt ki lè pi devan lè ou ranpli yon nouvo fòm. **Tanpri make sèlman yon chwa nan 4 opsyon ki vini annapre yo:**

- MWEN BAY** tout Patisipan (**I GIVE CONSENT**) ki nan lis sou sitw èb HIE Mount Sinai la **KONSANTMAN** mw en pou yo jw enn aksè nan enfòmasyon sante mw en yo ki anrejistre nan Mount Sinai HIE, mw en bay tout patisipan ki nan lis sou sitw èb Epic la ak sitw èb Carequality a konsantman mw en pou yo jw enn aksè nan tout dosye medikal elektwonik mw en yo, epi mw en bay tout anplw aye yo, ajan ak manm pèsonèl medikal MSHS yo konsantman mw en pou yo jw enn aksè nan tout enfòmasyon sante elektwonik mw en yo ki disponib atravè Healthix ki gen pou w è avèk nenpòt objektif ki otorize yo dekri nan fèy done a, epi ki gen ladann ofri mw en nenpòt sèvis sw en sante ak sw en annijans.
- MWEN REFIZE BAY** tout pw ofesyonèl sw en sante ki nan lis sou sitw èb Epic ak sitw èb Carequality a **KONSANTMAN** mw en, **SOF NAN YON SITIYASYON IJANS MEDIKAL (I DENY CONSENT, EXCEPT IN A MEDICAL EMERGENCY)**, pou yo aksede ak dosye medikal elektwonik Mount Sinai mw en yo. Mw en refize bay tou tout Patisipan ki nan lis sou sitw èb Mount Sinai HIE **KONSANTMAN** mw en pou yo jw enn aksè nan enfòmasyon sante mw en yo ki anrejistre nan Mount Sinai HIE, sof enfòmasyon yo te bay yomenm, epi mw en refize bay tout anplw aye yo, ajan ak manm pèsonèl medikal MSHS yo konsantman mw en pou yo jw enn aksè nan tout enfòmasyon sante elektwonik mw en yo ki disponib atravè Healthix yon patisipan ki pa nan sistèm sante Mount Sinai la kontribiye, sof nan yon sityasyon ijans medikal.
- MWEN REFIZE BAY** Patisipan ki nan lis sou sitw èb Mount Sinai HIE (**I DENY CONSENT, EVEN IN A MEDICAL EMERGENCY**), **MENM NAN YON SITIYASYON IJANS MEDIKAL, KONSANTMAN** mw en pou yo jw enn aksè nan enfòmasyon sante elektwonik mw en yo ki anrejistre nan Mount Sinai HIE, sof enfòmasyon yo te bay yomenm, epi mw en refize bay tout anplw aye yo, ajan ak manm pèsonèl medikal MSHS yo konsantman mw en pou yo jw enn aksè nan nenpòt enfòmasyon sante elektwonik mw en yo ki disponib atravè Healthix yon patisipan ki pa nan sistèm sante Mount Sinai la kontribiye pou nenpòt rezon. Mw en refize tou bay Patisipan ki nan lis sou sitw èb Epic ak sitw èb Carequality yo konsantman mw en pou yo jw enn aksè nan dosye medikal MSHS mw en an, men **mwen konnen Patisipan Epic Care Everywhere ak patisipan Carequality yo ka toujou jw enn aksè nan enfòmasyon mwen yo nan yon sityasyon ijans, jan lwa ki anplas la otorize li.**
- MWEN PA SWETE PRAN YON DESIZYON NAN MOMAN SA A (I DO NOT WISH TO MAKE A DECISION AT THIS TIME).** Mw en konnen patisipan Epic Care Everywhere ak patisipan Carequality yo kapab petèt jw enn aksè nan enfòmasyon ki nan dosye medikal elektwonik MSHS mw en an nan yon sityasyon ijans medikal jan lwa ki anplas la otorize li. Pw ofesyonèl sw en sante MSHS yo kapab petèt jw enn aksè nan enfòmasyon mw en yo atravè Healthix, jan lwa ki anplas la otorize li.

Yo te reponn kesyon mw en genyen yo sou fòm sa a epi yo te banmw en chw a pou m resevw a yon kopi fòm sa a.

\_\_\_\_\_

Ekri Non Pasyan an Lèt Majiskil (Print Name of Patient)

\_\_\_\_\_

Dat Pasyan an Fèt (Patient Date of Birth)

\_\_\_\_\_

Ekri Non Repezantan Legal la an Majiskil (si li aplikab)  
(Print Name of Legal Representative (if applicable))

\_\_\_\_\_

Siyati Pasyan an (oswa Repezantan Legal Pasyan an)  
(Signature of Patient (or Patient's Legal Representative))

\_\_\_\_\_

Dat (Date)

\_\_\_\_\_

Sa Repezantan Legal la ye pou Pasyan an (si li aplikab)  
(Relationship of Legal Representative to Patient (if applicable))

# Echanj Enfòmasyon Mount Sinai Enterprise Fèy Done

Detay ki konsène enfòmasyon sou pasyan an nan Mount Sinai HIE, Care Everywhere ak Healthix epi pwosesis konsantman EIE a:

## 1. Definisyon yo.

- “Sistèm Sante Mount Sinai la” siyifi:
  - Mount Sinai Beth Israel
  - Mount Sinai Brooklyn
  - Doktè Mount Sinai yo
  - Lopital Mount Sinai la
  - Mount Sinai Queens
  - Mount Sinai West
  - Mount Sinai St. Luke's
  - New York Eye and Ear Infirmary of Mount Sinai
  - South Nassau Communities Hospital
  - Lekòl Medsin Icahn nan Mount Sinai
- “Patisipan” siyifi antite ki nan lis sou sitwèb Mount Sinai Connect, Epic, Carequality ak Healthix yo.

**2. Kijan Yo Pral Itilize Enfòmasyon ou Yo.** Selon Eta New York ak Iwa Federal la, Patisipan yo ka itilize enfòmasyon sante elektwonik ou yo, pou:

- Ba ou tretman medikal ak sèvis ki gen pou wè ak li yo.
- Gade pou wè si ou genyen asirans maladi ak sa asirans lan garanti.
- Amelyore kapasite Peyè ak Konpayi Asirans yo pou yo satisfè egzijans nan zafè kalite ak pwogram pèfòmans yo nan gade enfòmasyon klinik yon pasyan yon fason ki pi konplè.
- Fè Aktivite pou Jesyon Swen. Aktivite sa yo genyen ladan yo ede ou jwenn swen medikal ki apwopriye, amelyore kalite sèvis swen sante yo ba ou, kowòdone plizyè sèvis swen sante yo ba ou, oswa kore ou nan suiv yon plan pou swen medikal.
- Fè Aktivite pou Amelyorasyon Kalite. Aktivite sa yo genyen ladan yo evalye ak amelyore kalite swen medikal (ak sèvis ki gen pou wè ak li yo) yo ba ou ak tout pasyan Mount Sinai yo ak manm Healthix yo ak òganizasyon k ap patisipe yo.
- Sistèm Sante Mount Sinai la pral rann disponib sou platfòm Care Everywhere ak Carequality ou ka genyen an enfòmasyon sante nan Mount Sinai, sof si sèl sèvis ou resewa yo gen pou wè ak Sante Mantal/Tretman Sikyatrik oswa Tretman pou Abi Sibstans.

**NÒT: Chwa ou fè nan fòm konsantman sa a pa pèmèt konpayi asirans maladi yo gen aksè nan enfòmasyon ou yo nan objektif pou yo deside si pou yo ba ou asirans maladi oswa peye bòdwo ou yo.**

**3. Ki Kalite Enfòmasyon Yo Mete Sou Ou Ladan Li.** Enfòmasyon sante elektwonik ou yo ka gen ladan yo kote ou te resewa sèvis sante yo, istwa maladi oswa blesi ou te genyen yo (tankou dyabèt oswa yon zo kase), rezilta tès yo (tankou radyografi oswa tès san yo), kabinè ak nòt pwogrè pwofesyonèl swen sante ou yo ak lis medikaman ou te pran yo. Sa gen ladan li enfòmasyon yo te kreye anvan ak apre dat Fòm Konsantman sa a. Enfòmasyon sa yo ka gen pou wè ak pwoblèm sante ki sekrè, tankou men se pa sa sèlman:

• Pwoblèm alkòl oswa pwoblèm itilizasyon dwòg	• Pwoblèm sante mantal
• Kontwòl timoun k ap fèt ak avòtman (planin familyal)	• VIH/SIDA
• Maladi jenetik (eredite) oswa tès yo	• Maladi moun pran nan fè bagay

4. **Ki Kote Enfòmasyon Sante Ki Konsène W yo Soti.** Enfòmasyon ki konsène w yo soti plizyè kote ki te ba ou swen medikal oswa asirans maladi (“ Sous Enfòmasyon yo”). Sa yo ka gen ladan yo lopital yo, medsen yo, famasi yo, laboratwa klinik yo, konpayi asirans maladi yo, pwogram Medicaid ak lòt òganizasyon ki fè echanj enfòmasyon sante sou fòm elektwonik. Yon lis konplè Sous Enfòmasyon aktyèl HIE yo disponib nan Mount Sinai oswa nan men pwofesyonèl swen sante Patisipan HIE ou an, selon ka a. Ou kapab jwenn yon lis Sous Enfòmasyon ki aktyalize nenpòt kilè, lè ou al gade sou sitwèb Mount Sinai HIE a <http://www.mountsinainconnect.org>. Ou kapab kontakte tou Ajan pwoteksyon vi prive Mount Sinai HIE a lè w ekri nan: HIPAA Compliance Office, Mount Sinai Health System, 1 Gustave L. Levy Place, Box 1016, New York, NY 10029 oswa lè w rele nan: 212-241-4669 Yon lis konplè Sous Enfòmasyon Healthix ki ajou disponib nan Healthix epi ou kapab jwenn li nenpòt kilè, lè ou al gade sou sitwèb Healthix la ki se <http://www.healthix.org> oswa lè ou rele Healthix nan 877-695-4749. Enfòmasyon ou yo ka soti tou nan òganizasyon ki nan lis sou sitwèb Epic la ki se [epic.com/careeverywhere](http://epic.com/careeverywhere) ak sou sitwèb Carequality a ki se [carequality.org/active-sites-search](http://carequality.org/active-sites-search).
5. **Kiyès ki Ka Jwenn Aksè nan Enfòmasyon ki Konsène ou Yo, Si Ou Bay Konsantman w.** Sèl moun sa yo ka jwenn aksè nan enfòmasyon ki konsène ou yo: doktè ki fè pati pèsònèl medikal la ak lòt pwofesyonèl swen sante yon Patisipan ki apwouve, epi ki patisipe nan ba ou swen medikal; pwofesyonèl swen sante k ap ranplase oswa k ap fè gad pou yon Patisipan ki apwouve; manm pèsònèl ki patisipe nan aktivite pou amelyore kalite oswa aktivite pou jere swen pou Patisipan ki apwouve a; ak manm pèsònèl yon Patisipan ki apwouve, ki fè aktivite Fòm Konsantman sa a otorize yo, jan sa dekri pi wo a nan paragaf 2 a.
6. **Aksè ak Òganizasyon Sante Piblik ak Apwovizyonman Ògàn yo.** Ajans sante piblik federal, Eta oswa lokal yo ak kèk òganizasyon apwovizyonman ògàn yo gen otorizasyon lalwa pou yo jwenn aksè nan enfòmasyon sante san konsantman yon pasyan pou kèk objektif sante piblik ak grèf ògàn. Antite sa yo ka jwenn aksè nan enfòmasyon ou yo atravè Healthix pou objektif sa yo, kit ou bay konsantman ou, kit ou refize bay konsantman ou oswa ou pa ranpli yon fòm konsantman.
7. **Penalite pou Aksè ki Pa Kòrèk nan Enfòmasyon Ou Yo Oswa pou Itilizasyon ki Pa Kòrèk Enfòmasyon Ou Yo.** Genyen penalite pou aksè nan enfòmasyon sante elektwonik ou yo ki pa apwopriye oswa itilizasyon enfòmasyon sante elektwonik ou yo ki pa apwopriye. Si nenpòt kilè ou gen enkyetid akoz yon moun ki pa ta dwe gade oswa jwenn aksè nan enfòmasyon ki konsène ou yo te fè sa atravè Mount Sinai HIE, rele youn nan Patisipan HIE yo oswa pwofesyonèl swen sante Care Everywhere yo ou te apwouve pou jwenn aksè nan dosye ou yo, ale sou sitwèb Mount Sinai HIE a: <http://www.mountsinainconnect.org> kontakte Ajan pwoteksyon vi prive Mount Sinai HIE a nan adrès ak nimewo ki pi wo a, rele Depatman Sante NYS la nan 877-690-2211, oswa kontakte Biwo Federal Dwa Sivil la nan <https://www.hhs.gov/ocr>. Si enkyetid ou an gen pou wè ak aksè nan enfòmasyon ou yo atravè Healthix, rele Sistèm Sante Mount Sinai la nan 212-241-4669; oswa ale sou sitwèb Healthix la: [www.healthix.org](http://www.healthix.org); oswa rele Depatman Sante NYS la nan 518-474-4987; oswa suiv pwosesis plent Biwo Federal Dwa Sivil la nan lyen sa a: <http://www.hhs.gov/ocr/privacy/hipaa/complaints>.
8. **Re-dewale Enfòmasyon yo.** Yon patisipan ka re-dewale nenpòt enfòmasyon elektwonik ki konsène ou bay lòt yo sèlman nan mezi lwa ak règleman Eta ak Federal yo otorize sa. Sa a verite tou pou enfòmasyon sante ki konsène ou ki egziste sou fòm papyè. Jan sa di nan paragaf 3 pi wo a, si ou bay konsantman ou, TOUT enfòmasyon sante elektwonik ou yo, ak enfòmasyon sante ki sekrè yo tou pral disponib atravè platfòm teknoloji enfòmasyon sante sa yo. Kèk lwa Eta ak lwa federal bay pwoteksyon espesyal pou kèk kalite enfòmasyon sante ki sekrè, tankou sa yo ki gen pou wè ak: (i) evalyasyon ou, tretman oswa egzamen yon pwoblèm sante kèk pwofesyonèl swen sante fè; (ii) VIH/SIDA; (iii) maladi mantal; (iv) reta mantal ak andikap devlopman; (v) abi sibstans; ak (vi) tès jenetik. Yo dwe respekte egzijans espesyal yo nenpòt ki lè moun resewa kalite enfòmasyon sante sekrè sa yo. Mount Sinai HIE, Healthix, ak moun ki jwenn aksè nan enfòmasyon sa yo atravè echanj enfòmasyon sante sa yo dwe respekte egzijans Federal yo ak egzijans Eta New York yo. Patisipan Care Everywhere ak patisipan Carequality yo dwe respekte egzijans Federal yo ak egzijans Eta yo a ki ka bay mwens pwoteksyon oswa plis pwoteksyon pase Eta New York.
9. **Peryòd li Efektif.** Fòm Konsantman sa a pral rete anplas jiskaske jou a rive pou retire konsantman ou an oswa:
  - a. pa rapò ak Mount Sinai HIE jiskaske lè a rive kote Mount Sinai HIE sispann fonksyone, oswa jouk 50 lane apre lanmò ou, nenpòt sa nan 2 bagay sa yo ki rive pi apre a;
  - b. pa rapò ak Healthix, jiskaske lè a rive kote Healthix sispann fonksyone. Si Healthix fè fizyon avèk yon lòt Antite Kalifye, chwa ou fè nan konsantman an pral rete anplas avèk nouvo antite li fè fizyon an; ak
  - c. pa rapò ak Care Everywhere ak Carequality, jiskaske Sistèm Sante Mount Sinai la pa patisipe nan platfòm sa yo ankò.

**10. Fason pou ou Chanje Konsantman ou an.** Ou kapab chanje Konsantman ou an nenpòt kilè, lè ou siyen yon nouvo Fòm Konsantman ak lè ou chwazi yon nouvo konsantman nan paj 1 ki nan fòm lan. Ou kapab jwenn Fòm Konsantman sa a nan men pwofesyonèl swen sante ou an oswa sou sitwèb Mount Sinai HIE sou paj “Pwoteksyon Enfòmasyon Sante Pasyan (Protecting Patient Health Information)” a, <http://www.mountsinai.org/ms-connect/protecting-patient-health-information>. Depi li ranpli, tanpri bay pwofesyonèl swen sante ou an fòm lan epi li pral mete dosye ou yo ajou kòmsadwa.

**NÒT:** Patisipan ki jwenn aksè nan enfòmasyon sante ou yo atravè platfòm sa yo pandan konsantman ou an anplas ka kopye oswa mete enfòmasyon ou yo nan pwòp dosye medikal pa yo. Menmsi ou chwazi retire konsantman ou an pi devan, yo pa oblije retounen enfòmasyon yo ni retire yo nan dosye yo a.

**Kopi Fòm lan.** Ou gen dwa pou w jwenn yon kopi Fòm Konsantman sa a apre ou fin siyen li, si ou mande sa.